

ANONS SOU ELEKSYON REFERANDÒM K'AP FÈT NAN
JOU MADI 5 NOVANM 2024 LA, KI SE DAT ELEKSYON
JENERAL LA, SI POU DWE GEN YON GWO PASE MEN KI
POU FÈT NAN DOKIMAN LALWA ZÒN KONTE BROWARD
LA POU AJOUTE SOU OTORITE BIWO ENSPECTÈ
JENERAL LA.

Yon eleksyon referandòm nan tout konte a alawonbadè ap fèt nan jou Madi, 5 novanm 2024, ak nan tout lòt moman selon jan sa prevwa dapre Dokiman Lalwa 101, Lalwa Florid yo, nan yon efò pou yo detèmine si ta dwe gen yon gwo pase men ki pou fèt nan Dokiman Lalwa zòn Konte Broward la pou ajoute sou otorite Biwo Enspektè Jeneral la.

Jan li endike nan rezolisyon n° 2024-294, ki te adopte nan dat 21 me 2024, pa Komisyon Manm Konsèy Komisyonè nan Konte Broward la, Florid, kote tit ak rezime a gen pou parèt sou bilten vòt referandòm yo nan fason sa a:

Ajoute sou Otorite Enspektè Jeneral Konte Broward la

Fè yon gwo pase men nan Dokiman Lalwa zòn Konte Broward la pou pèmèt Enspektè Jeneral Konte Broward la bay Komite Konsèy Lekòl Konte Broward la ak ofisye Konstitisyonèl Konte Broward yo sèvis enspeksyon jeneral si yo menm, antan ke organizasyon ki konsène yo, (Komisyon Konsèy Lekòl la oswa ofisye Konstitisyonèl la) pran kontra avèk Biwo Enspektè Jeneral Konte Broward la epi avèk Konte Broward la konsènan sèvis enspeksyon jeneral sa yo.

WI _____

NON _____

Yon kopi konplè chanjman amannman yo pwopoze a disponib sou Paj Entènèt
<https://www.broward.org/Charter>.

Eleksyon referandòm an pral fèt nan dat 5 novanm 2024 lan, ant 7 è di maten e 7 è di swa, e nan lòt jou ak lòt lè ki prevwa nan lwa ki aplikab yo, e tou pou vòt antisipe ki prevwa nan seksyon 101.657 lalwa Florida yo, nan kote ki etabli nan Konte Broward pou vote. Tout elektè ki enskri e ki kalifye nan Konte Broward gen dwa vote lè eleksyon referandòm sa a pral fèt. Bilten vòt pa korespondans pral pare pou eleksyon referandòm sa a, epi yap disponib konfòmeman ak sa lalwa prevwa.

Komisyon Verifikasyon Vòt Konte Broward lan gen pou verifye rezilta yo e pral sètifye rezilta eleksyon referandòm an pou Konsey Komisè Konte Broward, ki nan Florida, e pou Administratè Konte Broward, e pou Depatman Deta Florida, pou ke yo ka anrejistre e klase rezilta yo nan achiv piblik yo ki la pou sa.